

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Mojang Jajaka mangrupa istilah anu diwangun ku dua kecap, harti kecap mojang nya éta nonoman istri, parawan, atawa wanoja, sedengkeun Jajaka nya éta bujang atawa nonoman pameget (Danadibrata, 2009, kc. 243 & 443).

Mojang Jajaka anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta mojang jajaka minangka prédikat tina hasil pasanggiri nu dilaksanakeun ku pamaréntah provinsi Jawa Barat. Pasanggiri Mojang Jajaka mangrupa pasanggiri anu diayakeun pikeun milih duta budaya jeung wisata di provinsi Jawa Barat ngaliwatan pasanggiri tingkat daérah.

Pikeun meunangkeun prédikat salaku Mojang Jajaka, tangtuna lain hal anu gampang. Teu bisa sagawayah unggal nonoman bisa jadi Mojang jeung Jajaka di daérahna. Lain saukur ngandelkeun seuri gumeulis jeung gumasep atawa pameunteu anu geulis tur karasep, tapi mikabutuh kritéria séjénna pikeun nyumponan sarat jadi Mojang Jajaka.

Kritéria anu jadi dadasar dina milih Mojang Jajaka nya éta *3B* anu mangrupa singgetan tina kecap *Behaviour, Brain and Beauty*, atawa sikep jeung paripolah, kamampuh intelégénsi jeung geulis atawa kasep (mantes). Salah sahiji kritéria anu kudu dicumponan dina ngiluan pasanggiri Mojang Jajaka nya éta kaparigelan ngagunakeun basa Sunda anu ngawakilan kritéria *Brain* jeung *Behaviour*.

Mojang Jajaka kudu parigel dina ngagunakeun Basa Sunda, sabab Mojang Jajaka mangrupa duta anu jadi figur masarakat Sunda. Mojang Jajaka ngawakilan pamuda nu jadi tulang tonggong masarakat Sunda dina ngaronjatkeun *éksisténsi* Basa Sunda, ngariksa Basa Sunda sangkan leuwih nanjeur.

Nilik kana kaayaan, naha Mojang Jajaka hasil tina Pasanggiri Mojang Jajaka Kabupatén Bandung geus nyumponan kriteria parigel dina ngagunakeun Basa Sunda? Sajaba ti éta, naha sikep Mojang Jajaka Kabupatén Bandung kana Basa Sunda téh geus némbongkeun saurang duta budaya jeung wisata minangka wawakil nonoman Sunda?

Salaku duta budaya jeung wisata, Mojang Jajaka wajib boga kaparigelan ngagunakeun basa Sunda. Kaparigelan ngagunakeun basa Sunda kudu dibarung ogé ku sikep positip kana basa Sunda anu jadi basa daérah jeung basa indungna. Mojang Jajaka dipiharep miboga sikep positip kana basa Sunda, sabab salaku duta nonoman Sunda, geus tangtu mikabutuh basa salaku média promosi nepi ka makéna basa saurang duta bakal jadi sorotan masarakat. Sikep basa mangrupa posisi mental atawa rasa kana basa sorangan atawa basa batur (Kridalaksana, 2001, kc. 197). Mojang Jajaka kudu reueus kana basa Sunda salaku basa daérahna. Komo deui Mojang Jajaka geus diidéntikkeun salaku *Ikon* urang Sunda.

Ampir sakabéh daérah di Jawa Barat miboga Paguyuban Mojang Jajaka anu diwangun ku cara ngayakeun pasanggiri Mojang Jajaka di unggal daérah di Jawa Barat nepi ka bakal ditandangkeun deui sa-Jawa Barat. Malah mah sanggeus tandang di tingkat Provinsi, bakal ditandangkeun deui ka tingkat nasional ku tandang anu méh sarua tapi béda aran, saperti Puteri Indonesia, Miss Indonesia atawa Mister Indonesia. Ieu hal kawilang hadéna sabab ngahasilkeun nonoman atawa generasi anu ngakar kana budaya. Kegiatan Pasanggiri Mojang Jajaka Kabupaten Bandung ngarojong prosés ngawangunna generasi ngora anu ideal ku cara ngahasilkeun generasi ngora anu miboga jati diri Sunda nya éta pengkuh agamana, luhung élmuna, jeung rancagé gawéna.

Nilik kana éta hal, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho kumaha sikep basa Sunda Mojang Jajaka Kabupaten Bandung anu mangrupa ikon urang Sunda ditilik tina sikep positif jeung negatifna panyatur basa dumasar kana aspek kasatiaan, kareueus jeung kasadaran kana norma basa. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Garvhin jeung Mathiot dina Chaer & Agustin (2010 kc. 152) anu nétélakeun yén tilu ciri sikep basa nya éta kasatiaan, kareueus jeung kasadaran kana norma basa. Salian ti éta, pamadegan Anderson dina Chaer & Agustin (2010 kc. 151) anu nétélakeun yén sikep basa dibagi kana dua nya éta sikep positip jeung négatip.

Panalungtikan ngeunaan sikap basa kungsi dilaksanakeun saacanna, diantar ana waé, "*Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhkeun Basa Sunda di Désa Ciwidey Kabupaten Bandung*" (Aburizal, 2012), Amanda (2012) ngeunaan sikep basa barudak PAUD di Désa Sarireja Kacamatan Jalan cagak Kabupatén Subang jeung

panalungtikan anu geus dilakukeun ku Siti Maesaroh kalayan judul “*Hubungan Lingkungan Atikan kana Sikep Basa Siswa Kelas VII SMPN 44 Bandung Taun Ajaran 2014/2015*”. Panalungtikan anu geus kapanggih di luhur tangtuna béda jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku panalungtik ayeuna, bédana nya éta lebah sasaran jeung ambahanana. Ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan sikep basa jeung kaayaan kabasaan di tatar Sunda. Salian ti éta, panalungtikan pikeun Mojang Jajaka Kabupaten Bandung can kungsi dilakukeun ku panalungtik séjén.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan “Sikep Anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana Basa Sunda” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sikep basa anu diulik dina ieu panalungtikan nyoko kana tilu aspék nya éta kasatiaan kana basa, kareueus kana basa jeung kasadaran kana aturan basa. Salian ti éta, ieu panalungtikan ngulik sikep positif jeung negatif anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana Basa Sunda.

Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kasatiaan anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana basa Sunda?
- b. Kumaha kareueus anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana basa Sunda?
- c. Kumaha kasadaran anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana ayana norma basa Sunda?
- d. Faktor-faktor naon waé anu mangaruhan sikep basa anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kumaha sikep basa Sunda Mojang Jajaka Kabupaten Bandung anu mangrupa duta budaya di

Kabupaten Bandung, ogé méré stimulus ka Mojang Jajaka supaya leuwih paduli kana kaayaan basa Sunda ayeuna. Ieu panalungtikan ogé dilakonan pikeun méré pangrojong ka para nonoman Sunda supaya ngamumulé basa Sunda sakumaha duta budaya jeung wisata lakonan anu janten idola para nonoman.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kasatiaan anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana basa Sunda;
- b. kareueus anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana basa Sunda;
- c. kasadaran anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung kana norma (tata basa jeung tata krama) basa Sunda; jeung
- d. faktor-faktor anu mangaruhan kana sikep basa anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh mangpaat tioritis ogé mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh dina widang sociolinguistik. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi ukuran dina ngeuyeuban data anu valid pikeun mikanyaho kaayaan makéna basa Sunda di Tatar Sunda hususna nonoman Sunda anu diwakilan ku Mojang Jajaka Kabupatn Bandung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta :

- a. Méré kasadaran ka para Mojang Jajaka anu teu ngan saukur di Kabupaten Bandung tapi di Jawa Barat kana pentingna nonoman Sunda maké basa daérah salaku basa Indung.

- b. Jadi conto pikeun tandang-tandang séjénna sangkan leuwih reueus kana basa daérah ogé ngaronjatkeun éksisténsi basa daérah ngaliwatan nonoman anu motékar. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nincak kana ambahan anu leuwih lega nya éta Mojang Jajaka Jawa Barat.
- c. Data anu geus dimeunangkeun bisa jadi acuan pamarentah dina ngalakonan tindakan pikeun ngaronjatkeun *eksistensi* basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika panulisan dina nyusun skripsi, nya éta:

Bab I bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II tatapakan tiori medar ngeunaan tiori anu patali jeung sikep basa, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III métodeu panalungtikan medar ngeunaan désain panalungtikan (pamarekan, métodeu, jeung galur panalungtikan), sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén pangumpul data jeung analisis data.

Bab IV ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan.

Bab V kacindekkan jeung saran.